



**DEPATMAN DLO POTAB AK EGOU MIAMI-DADE**  
**PWOJÈ APARÈY AK EKIPMAN KI KONSÈVE DLO**  
**FÒM APLIKASYON POU RANBOUSMAN REZIDANSYÈL**



**TANPRI RANPLI OKONPLÈ**

**TANPRI NOTE KE APLIKASYON KI PA RANPLI OKONPLÈ YO AK SA KI PA GEN RESI ORIJINAL AK DAT SOU LI YO AP RETOUNEN BAY APLIKAN AN.**

Non (ekri byen klè) \_\_\_\_\_

Telefòn Kay la: \_\_\_\_\_ Telefòn Lajounen: \_\_\_\_\_ Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_

Adrès Sit Enstalasyon an: \_\_\_\_\_ Nim. Apt. \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Adrès Postal (si li diferan de kay la): \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Adrès Imel: \_\_\_\_\_

**Si w abite nan yon Kondominyòm oswa Townhome, tanpri bay Non Asosyasyon an:** \_\_\_\_\_

**Kouman w te fè konnen de pwogram ranbousman a? (Tanpri fè yon wondèl otou youn)**

**Sitwèb Jounal Radyo Televizyon Evennman Kominotè/Atelye Andedan Bòdwo (Pipeline) Biblisite Andedan Magazén**

**ENFÒMASYON KAY LA**

kantite moun nan  
saldeben: \_\_\_\_\_ kantiite moun nan  
kay la: \_\_\_\_\_ Ane  
Kay la konstwi: \_\_\_\_\_ (Fèt Pou te Konstwi Anvan 1996)

**ENFÒMASYON EKIPMAN/APARÈY**

**MAP MANDE YON RANBOUSMAN POU (FÈ WONDÈL OTOU YOUN): WATÈ IJENIK WOBINÈT TIYO EVYE**  
**(modèl ki kalifye yo sèlman – yo PAP asepte sibstitisyon)**

Mak ak Modèl HET a: \_\_\_\_\_ Mak ak Modèl Wobinèt la: \_\_\_\_\_

Mak ak Modèl Tiyo Evye a: \_\_\_\_\_

**AKÒ POU RANBOUSMAN – LIBERE DE RESPONSABILITE JIDISYÈ**

Yo va emèt chèk ranbousman a peyab a aplikan an. MDWASD gen dwa derefize nenpòt aplikasyon ki pa ranpli egzijans etabli pou patisipasyon nan pwogram la. Nap jwenn egzijans sa yo nan do fòm sa-a kote ki make Dispozisyon yo ak Kondisyon yo Pou Patisipasyon Nan Pwogram lan ki nan paj 2 fòm sa a. **MDWASD rezèv dwa pou li chanje pwogram sa-a nenpòt lè.** Toutotan rete lajan nan pwogram la, yo va bay ranbousman yo baze sou premye vini - premye sèvi. MDWASD rezèv dwa pou li fè chanjman nan finansman pwogram lan jan li pito, epitou okenn moun kap ranpli nenpòt aplikasyon pou ranbousman va garanti jwenn oswa dwe resevwa yon ranbousman. Ale sou [www.miamidade.gov/conservation](http://www.miamidade.gov/conservation) pou dènye enfòmasyon sou kalifikasyon ak finansman pwogram Ranbousman an.

Kòm youn nan kondisyon pou jwenn yon ranbousman nan pwojè sa-a, moun ki siyen pi ba la-a dakò pèmèt MDWASD enspekte tout enstalasyon ekipman/aparèy yo. Lè MDWASD enimere de machin a lave ak watè ki konsève dlo sou Lis Pwodwi Ki Kalifye yo, se jis eligibilité yo ke MDWASD idantifye sèlman pou ranbousman nan pwojè sa a, kidonk li pa andòse ni rekòmande okenn nan bagay sa yo ki sou lis la. MDWASD pa responsab pou kalite bagay sa yo ke yon moun achte epitou li pa ni bay garanti ni asirans sou okenn pwodwi ni ekipman ki fè pati pyès ki nan okenn ekipman/aparèy oswa enstalasyon li. MDWASD pa reprezante ke okenn ekipman/aparèy an patikilye bon pou enstale nan okenn anplasman espesyal, epitou li pa apiye okenn deklarasyon garanti oswa efikasite pou nenpòt rezon. MDWASD pa garanti oswa menm di ke bòdwo dlo yo ap mwens poutèt yon moun patisipe nan pwogram sa-a. MDWASD pa responsab pou okenn dega ki fèt sou pwopriete aplikan yo pandan ke yap retire ansyen watè a oswa enstale nouvo watè a nan pwojè sa-a. Moun ki siyen pi ba la-a rekonèt ke enstalasyon yon ekipman/aparèy gen dwa egzije pou yo pran yon pèmi konstriksyon epitou anplwaye yon kontraktè ki gen pèmi. Pa genyen okenn klòz la-a ki pou entèdi oswa anpeche Konte Miami-Dade ranfòse dispozisyon yo nan nenpòt seksyon nan Kòd Konte Miami-Dade, Kòd Konstriksyon Florid la epi nenpòt pèmi ki pran la-a, oswa nenpòt lòt reglementasyon, Eta, òdonans, oswa egzijans, epitou yo pap bay okenn ranbousman pou travay ki ta reyalize an kontravansyon ak nenpòt nan presedan sa yo. Moun ki siyen la-a se sèl moun responsab pou jwenn pèmi ak anplwaye kontraktè ak pèmi pou reyalize travo enstalasyon yo.

Moun ki siyen anba la-a dakò pou li pa oblige MDWASD, direktè li yo, ofisyèl li yo ak anplwaye li yo pran okenn angajman anka pèt, dega, depans ak responsabilite jidisyè ki ta rezulta oswa an rapò ak acha, enstalasyon, izaj, oswa deplasman yon ekipman/aparèy. Lè mwen siyen fòm sa a, mwen sètifye ke mwen li, konprann, epi dakò a dispozisyon yo ak kondisyon yo ki nan pwogram ranbousman sa a, enkli seksyon Dispozisyon yo ak Kondisyon yo Pou Patisipasyon Nan Pwogram ki dèyè do fòm aplikasyon sa a. (gade lòt bò paj sa-a).

**Mwen li epi konprann egzijans yo etabli nan Pwogram Ranbousman a jan sa deklare nan Reglementasyon Pwogram la. Mwen konprann ke mwe dwe jete tout ekipman/aparèy ki ranplase yo pou zòt pa re-itilize yo.**

Siyati Aplikan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

10/01/2011

## **Règlemantasyon ak Kondisyon Pwojè an Pou Patisipan yo**

1. **Water Ijenik Ki Pa Gaspiye Dlo (HET)- Yon (1) ranbousman pa an pou chak fwaye, pou yon maksimòm (2) ranbousman pa rezidans. Kay yo te dwe konstwi anvan 1996. Pwopriyete Komèsyal yo pa kalifye nan Pwogramm sa a.**
2. **Wobinèt Ki Pa Gaspiye Dlo (HES) -**
  - a. Patisipan yo va resevwa yon ranbousman de (2) ranbousman \$10.00 dola lè yo achte epi enstale yon wobinèt mak WaterSense ki vide 1,5 galon pa minit (gpm), lè li akonpaye yon aplikasyon ranbousman. Tanpri gade 5b pou kondisyon yo
  - b. Oubyen, patisipan yo ka chanje ansyen wobinèt yo pou youn gratis ki konsève dlo nan nenpòt Sant Sèvis Kliyantèl MDWASD, rele 3-11 pou lis lokal yo.
3. **Wobinèt Ki Pa Gaspiye Dlo (HEF) – Patisipan yo va resevwa jiska yon maksimòm de (2) ranbousman \$10.00 lè yo achte epi enstale yon wobinèt kizin/saldeben 1,5 galon pa minit (gpm) oswa ki genyen etikèt “EPA WaterSense” la sou li, lè li akonpaye yon aplikasyon ranbousman pou watè Tanpri gade 5c pou kondisyon yo.**
4. Toutotan rete lajan nan pwogram lan, yo va bay ranbousman a baze sou premye vini, premye sèvi. **Pwogram lan depann de disponibilite finansman epitou MDWASD rezève dwa pou li fè chanjman nan finansman pwogram lan oswa nan egzijans pou patisipasyon nan pwogram lan san avètisman. MDWASD pa garanti ke finansman pwogram lan va sifizan pou tout moun ki soumet aplikasyon yo resevwa yon ranbousman.** Ale sou [www.miamidade.gov/conservation](http://www.miamidade.gov/conservation) pou dènye enfòmasyon sou kalifikasyon ak finansman pwogram Ranbousman an.
5. Ekipman/Aparèy yo fèt pou reponn egzijans swivan yo pou kalifye pou ranbousman sa yo epi yo fèt pou enstale andedan zòn jeyografik Konte Miami-Dade:
  - a. Watè ki konsève dlo ki genyen etikèt “EPA WaterSense” sèlman. Yo pa pèmèt sibstitisyon nan pwojè sa-a.
  - b. Tèt douch ak/oswa wobinèt ki koule 1,5 galon pa minit oswa ki genyen etikèt “EPA WaterSense” sèlman ki kalifye pou yon ranbousman. Pou tèt douch ak wobinèt ki pa gen etikèt “WaterSense” sou li, tanpri bay enfòmasyon ki sou bwat ki te anbale liya ki deklare ke tèt douch la oswa wobinèt la se yon 1,5 gpm. Yap asepte fotokopi dokiman ki gen enfòmasyon sa a.
6. **Se pou soumet ansanm ak aplikasyon ranbousman an orijinal resi dacha ak dat sou li pou nouvo watè/tè douch/wobinèt la. (Yo pap asepte foto kopi)**
7. Watè/tèt douch/wobinèt ki kalifye yo fèt pou enstale jan ke lwa yo, òdonans yo ak kòd konstriksyon ki aplikab yo mande pou sa fèt, anvan pou soumet aplikasyon ranbousman an.
8. Se pou Aplikasyon Ranbousman an gen so lapòs nan 60 jou de dat dacha a.
9. MDWASD rezève dwa pou li derefize nenpòt aplikan ki pa ranpli egzijans etabli pou pwogram la.
10. Yo va retounen aplikasyon ki pa ranpli konplètman yo epitou sa ki pa vini ak orijinal resi dacha ak dat sou yo.
11. Montan ranbousman an aplikab sèlman pou acha watè/ tèt douch /wobinèt ki apwouve yo.
12. Nouvo konstriksyon pa tonbe nan kategori ranbousman sa a.
13. MDWASD pa responsab pou ranbousman ke lapòs oswa pèdi oswa livre an reta. MDWASD va konsidere aplikan an resevwa ranbousman an yon fwa li menm li poste li.
14. Konte Miami-Dade rezève dwa pou enspekte enstalasyon watè ijenik/tèt tiyo/wobinèt yo anvan yo fè yon ranbousman.

**OFFICE USE ONLY**

Application Received:

Application Approved: